Ærыдоны муниципалон районы газет.
Газета Ардонского муниципального района.

# РУХС СВЕТ

Газета основана в 1939 году.

2012 АЗЫ 15 СЕНТЯБРЬ, РУХÆНЫ МÆЙ, САБАТ

15 СЕНТЯБРЯ 2012 ГОДА, СУББОТА

№ 100 (10706)

www.gazetaruhs.ru

*Бынæттон хиуынаффæйад*

# НÆ ФИДÆН – НÆХИ КЪУХТЫ

*Хъæдгæроны ныртæккæ цæры æртæ мин адæймаджы, дæргъæй — дæргъмæ уынгты æрфысым кодтой 762 хæдзары. Хъæдгæройнæгтæ сты фæллойуарзаг, йæ хъæубæстæйы кад æмæ намыс бæрзонд сисынил чи архайы, ахæмтæ. Ацы райдзаст хъæуы ис скъола, сывæллæтты рæвдауæндон, амбулæтори, культурæйы Хæдзар, библиотекæ, посты хайад æмæ ветеринарон пункт. Цæрджытæ пайда кæнынц куыд электрон рухсæй, афтæ æрдзон газ æмæ нуазыны донæй. Хъæуы дуканиты балхæнæн ис фыццаг хъæугæ товартæ.*

*Хъæдгæроны цæрджытæ хорз æмбарынц кæрæдзийы, ирон æгъдау, ирон фарн сæм бæрзонд æвæрд кæй у, уый зыны сæ цины æмæ зианы рæстæг.*

*Алы хъуыддаг дæр саразынц нæ фыдæлты кадджын æгъдæуттæм гæсгæ. Афæдзæй — афæдзмæ хъæуы фæлгонц аивæй аивдæр кæны.*

*Хъæдгæроны бынæттон администрацийы сæргълæууæгæй æрæджы æвзæрст æрцыдис* ***Кучиты Фатимæ.*** *У хъæубæсты нымад æмæ кадджын бинонты чызг. Уый зæрдиагæй æмæ удуæлдайæ архайы йе 'мхъæуккæгты цард фæхуыздæр кæнынил. Стыр цæстæнгас дары алы бинонтæм дæр.*

*Хъæуы царды фæдыл, йæ' тыхстдзинæдтæ æмæ йе 'нтыстдзинæдты тыххæй ныхас кодтон Фатимæйымæ.*

***— Цавæр лыггæнинаг фарстатыл кусут ныртæккæ?***

*— Нæ доны хæтæлтæ базæронд сты, нал фæразынц æмæ арæх атонынц. Цалынмæ зымæг нæ райдыдта уæдмæ архайæм уыдон саразынил. Кусæм нæ фæндæгты уавæр фæхуыздæр кæнынил дæр, цæхгæрмæ уынгтæй цалдæр ралæгъз кодтам. Уымæй уæлдай ма баивтам зæронд лампочкæтæ, стæй кæм хъæуы, уым сæвæрдтам ног цырæгътæ.*

*Хъæу цух нæу æндæр риссаг фарстатæй дæр. Зæгъæм, нæ уынгты æмæ хъæуы алыварс хæстæг быдырты сыгъдæгдзинад. Ууыл дæр зæрдиагæй архайæм.*



*Стыр æххуыс нын ацы куысты бакæнынц ахуыргæнджытæ æмæ скъоладзаутæ.*

***— Хъæдгæроны ис чысыл куыстуæттæ, фæлæ уыдоны æппæт хъæубæсты фаг фæллойы бынæттæ нæй. Цæмæй цæрынц адæм?***

*— Хъæуккаг лæг фылдæр цæры йæ цæхæрадонæй, фос дары. Уыцы куыст кæнынц хъæдгæройнæгтæ дæр. Махмæ цæры фæллойуарзаг адæм, цæрджытæ бавнæлдтой сæ цæхæрадæттæй фылдæр пайда исынмæ, рапарахат кодтой фосдарынад. Уыцы куыстæн хъæу у фадатджын, фаг дзы ис хизæнтæ æмæ æрдзон уыгæрдæнтæ.*

***— Фатимæ, Хъæдгæроны фæсивæд сæ уæгъд рæстæг куыд æрвитынц?***

*— Нæ хъæуы æрыгон фæлтæрæн ис фадат нæ культурæйы артдзæсты алыхуызон къордты архайынæн — кафджыты, фæндырдзæгъдджыты, доули æмæ æндæрты. Арæзт дзы вæййы хъазтизæртæ, концерттæ, уазæгуаты æрхонæм нæ республикæйы зындгонд артистты æмæ зарæггæнджыты дæр. Хъæуы цæрджытæ зæрдиагæй, хистæрæй-кæстæрæй, æрбацæуынц, ардæм сæ фæллад уадзынмæ.*

*Къорд азы культурæйы Хæдзары кусы сылгоймæгты клуб "Æфсин".*

*Фæсивæдæй бирæтæ се 'ргом аздæхтой хъæбысæй хæцынмæ, футболæй хъазынмæ æмæ спорты æндæр хуызтæм. Арæх сæ хъарутæ бавзарынц районы æмæ республикæйы ерысты, кæцыты бацахсынц раззаг бынæттæ.*

*Нæ фæсивæды хъомыладыл æмзондæй архайæм — рæвдауæндоны, скъолайы, культурæйы артдзæсты, бынæттон администрацийы кусджытæ æмæ нæ хъæуы буц хистæртæ. Уымæн æмæ нæ фидæн нæхи къухы ис.*

***— Фылдæр æххуыс кæмæй, зоныс дæ куысты?***

*— Хъæуыхицау иунæгæй ницы саразид, йæ фарсмæ хорз адæмтæ, йæ хъæуыл æнувыд чи у, ахæмтæ-иу куынæ æрбалæууиккой, уæд.*

*Мæнæн дæр мæ бон у раппæлын се 'ххуысы хай нын чи бакæны, уыдонæй — фыццаджыдæр, нæ районы хицауад. Æрæджы тыхджын къæвдаты рæстæг хъæуы æртæуæладзыгон хæдзарæн йæ сæр хъыгдæрд куы æрцыд, уæд дæр уайтагъд нæ фарсмæ æрбалæуыдысты. Цыбыр рæстæгмæ ацы фарста лыггонд æрцыд.*

*Æнæзæгъгæ нæ фæуыдзынæн цæрджыты тыххæй дæр. Адонæй алчидæр зæрдæйæ уарзы æмæ æнувыд у йæ хъæуыл, æххуыс кæны йæ амал кæмæн куыд у, афтæ. Уæдæ нæ кадджын хистæртæ, "Ныхас"-ы æмæ "Æфсин"-ы уæнгтæ дæр, сæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, кусынц фæсивæдимæ, аразынц сæ раст фæндагыл. Уымæй фидар кæнынц Хъæдгæроны фидæн.*

***— Дарддæр та уæ размæ цавæр хæстæ æвæрут?***

*— Нæ авналæнтæм гæсгæ æнæзивæгæй æмæ æмдыхæй архайдзыстæм нæ уарзон хъæу Хъæдгæроны рухс фидæныл.*

***Æнæмæгæй, хъæдгæройнæгтæн уый сæ къухы бафтдзæн.***

***Уымæн æвдисæн — æрæджы республикон конкурс "Æппæты аивдæр хъæу"-ы кадджын дипломæй хорзæхгонд кæй æрцыдысты, уый.***

*Æрмæг бацæттæ кодта*
*ЛАЗАРТЫ Эльзæ.*

---

# Более 123 млн рублей составили расходы матерям, получающим ежемесячные пособия по уходу за ребенком

5 868 женщин в Северной Осетии получают ежемесячные пособия по уходу за ребенком из средств бюджета регионального отделения Фонда социального страхования по РСО—Алания. Женщинам, готовящимся стать матерями, и вставшим на учет в медицинских учреждениях на ранних сроках беременности, выплачено около 600 тыс. руб. единовременного пособия, и свыше 89 млн руб. на выплату декретного пособия по беременности и родам.

2454 женщины получают пособие по уходу за первым ребенком, сумма выплат составила более 41 млн руб. Пособия по уходу за вторым и последующими детьми получают более 3,4 тыс. матерей, отделением Фонда было выплачено свыше 82 млн рублей.

С начала года в республике снизился уровень заболеваемости. За истекшее полугодие число случаев по временной нетрудоспособности было более 27 тыс. случаев, что на 13% меньше аналогичного периода прошлого года. Региональное отделение Фонда социального страхования по РСО—Алания выплатило страхователям более 115 млн руб. на выплату пособий по временной нетрудоспособности.

**Региональное отделение Фонда по Республике Северная Осетия — Алания.**

---

**• Оперативное совещание**

# ДАНЫ КОНКРЕТНЫЕ УКАЗАНИЯ

В прокуратуре района состоялось оперативное совещание с участием руководства ОМВД, военного комиссариата по Ардонскому и Алагирскому районам, АМС Ардонского района и ОУФМС РФ по РСО—А в Ардонском районе, на котором были обсуждены итоги работы по весеннему призыву граждан на военную службу, проанализированы имеющиеся в данной сфере недостатки и упущения, а также были даны конкретные указания по повышению взаимодействия и эффективности работы указанных органов в ходе предстоящего осеннего призыва на военную службу.

**Георгий ЕТДЗАЕВ,**
**помощник прокурора Ардонского района.**

---

**НАШИ ИНТЕРВЬЮ**

# ВОПРОСЫ ПРОФИЛАКТИКИ ДОЛЖНЫ БЫТЬ ПЕРВОСТЕПЕННЫМИ



**Как правило, резкое похолодание отрицательно сказывается на здоровье человека. Повышенная влажность, переохлаждение организма нередко способствуют общему недомоганию, на фоне которого чаще всего развиваются кашель, грипп, ОРЗ, ОРВИ.**

**О росте количества простудных заболеваний и мерах, предпринимаемых по их профилактике, нашей газете рассказал исполняющий обязанности заведующего поликлиникой Казбек ДЗИТОЕВ.**

***— Казбек Алексеевич, как характеризуется общая картина заболеваемости гриппом и ОРВИ в целом в этом году?***

— Эпидемический рост простудных заболеваний, согласно данным минздрава республики, был зарегистрирован с начала марта 2012 года, значительно позже, чем в предыдущие, и характеризовался низкой активностью. Пик подъема заболеваемости отмечался в апреле, причем в процесс почти в одинаковой степени были вовлечены дети всех возрастных групп. Снижению активности эпидемического подъема способствовала повсеместно проведенная в сентябре — декабре 2011 года прививочная кампания в рамках национального приоритетного проекта по иммунизации населения.

***— С наступлением климатических перемен простудные неприятности, наверняка, не заставили себя ждать. Каков на сегодняшний день их суммарный охват в нашем районе?***

— В настоящее время в структуре циркулирующих вирусов активные позиции занимает ОРВИ — в августе зарегистрированы 93 случая заболевания. Из них взрослых 5 человек, остальные дети. При этом процесс нарастает. Так, с 1 по 10 сентября число обследованных больных составило уже 92 человека.

***— Есть ли реальная программа противодействия вирусным инфекциям?***

— В ходе лечения нами особое внимание уделяется лабораторному мониторингу. Высеиваются подвиды респираторных вирусов. При дифференцированном подходе при выявлении диагноза назначаются индивидуальные схемы лечения пациентов, большое внимание уделяется укреплению защитных сил организма и вопросам предупреждения повторных случаев заболеваний.

***— Какие мероприятия по борьбе с гриппом и ОРВИ вы планируете в осенне-зимний период 2012 — 2013 гг.?***

— В целях предупреждения возникновения и локализации групповых очагов гриппа и ОРВИ, в этом сезоне будут сформированы запасы лекарственных препаратов, дезинфекционных средств и средств индивидуальной защиты. Намечена иммунизация населения против гриппа из групп риска — детей с шестимесячного возраста, учащихся 1 — 11 классов, студентов, работников медицинских и образовательных учреждений, транспорта, коммунальной сферы, лиц старше 60 лет. Кроме того, ежедневно будет анализироваться ход заболеваемости гриппом, ОРВИ и пневмонией для своевременного введения дополнительных противоэпидемических мер.

***— Какой барьер недомоганиям мы в силах поставить сами? Что поможет нам сохранить здоровье?***

— Всем известно, что любую болезнь легче и лучше предупредить, чем потом заниматься ее лечением. Именно поэтому стоит внимательно отнестись к вопросам профилактики. Не стоит пренебрегать простыми и доступными методами укрепления иммунитета. Хорошее дополнение к этому — здоровое питание и полноценный отдых. Не лишне принимать комплексные витаминные препараты с большим содержанием витамина С, чаще мыть руки с мылом, по мере возможности избегать места большого скопления людей.

**Подготовила**
**Мадина БУГУЛОВА.**

---

**Профессия**

# НАРОДНЫЙ УЧАСТКОВЫЙ

**В сентябре 2012 года, в целях повышения уровня доверия населения к сотрудникам полиции, престижа службы и формирования позитивного общественного мнения о деятельности участковых уполномоченных полиции, МВД России проводит Всероссийский конкурс "Народный участковый".**

Конкурс проводится в три этапа. Первый и второй этапы пройдут на региональном уровне.

Для того, чтобы население могло получить полное представление о каждом претенденте на звание "Народный участковый", а также проголосовать за одного из конкурсантов, на официальном Интернет-сайте МВД по Республике Северная Осетия — Алания будет размещена информация об участковых уполномоченных полиции республики, принимающих участие в первом этапе конкурса.

Онлайн-голосование населения первого этапа конкурса пройдет с 11 по 20 сентября текущего года на сайте МВД по РСО—Алания: **http://15.mvd.ru**

На втором этапе до 7 октября будет размещена информация о победителях первого этапа конкурса. С 7 по 16 октября население определит лучшего участкового республики, который будет представлять РСО—Аланию на всероссийском этапе.

Голосование на третьем этапе конкурса пройдет с 5 по 14 ноября текущего года на официальном Интернет-сайте МВД России. По итогам голосования определится лучший участковый страны.

Награждение победителя конкурса и призеров третьего этапа конкурса пройдет в торжественной обстановке в канун Дня участкового уполномоченного полиции.

**Проголосовать за участкового вы можете в сети Интернет по этому адресу: http://15.mvd.ru/citizens/narych/.**